

LEKÒL PIBLIK BOSTON



BIWO "OFFICE OF THE SUPERINTENDENT"

12 septanm 2011

Salitasyon pou Fanmi Lekòl Piblik Boston yo,

Byenvini nan lekòl ki relouvri yo! Nou swete vakans lan te chaje ak plezi epi li te pwodiktif tou. Jodiya, pandan tanperati a kòmanse ap bese pou li vin pi fre, se moman pou nou konsantre nou sou kèk gran bagay nan Lekòl Piblik Boston yo.

Ou pral remake anpil chanjman ki ap fè ansèyman ak enstriksyon vin pi bon nan BPS. Elèv ak anplwaye nou yo deja ap pale sou kalite **manje ki pi gou, pi fre epi pi nourisan** yo genyen. Grasa gwo efò Biwo "Food and Nutrition Services" ki kontakte yon nouvo founisè, gen gwo amelyorasyon elèv yo deja kòmanse wè chak jou.

Chanjman nou yo ale pi lwen pase kafeterya a. Depatman **Sante ak Byennèt** gen nouvo anplwaye ak yon nouvo misyon – gaye dramatikman edikasyon fizik, edikasyon sou lasante ak konesans sou nitrisyon. Kèk mwa pase nou te envite yon dirijan enpòtan nan koze atizay nan kominote Boston lan vin ede nou lanse **Inisyativ Ekspansyon Atizay** nou an. Nou ap travay ak patnè nou yo, dekwa pou prèske dis mil elèv anplis pase ane pase ka resevwa eksperyans atizay ak mizik chak semenn. Lekòl nou yo vin pi an sekirite. Grasa efò anplwaye ak elèv nou yo, menmjan ak nouvo Kòd Konduit nou an epi prevansyon espesifik ki baze sou apwòch pou rezoud pwoblèm, **nou te redui ensidan disiplinè yo pi plis pase lamwatye.**

Ane sa a nou pral lanse tou yon **inisyativ Alfabetizasyon/Lekti** ak inogirasyon yon kanpay pou ankouraje elèv pi piti nou yo dekouvri lekti pou plezi ak kè kontan. Elèv yo kapab gen pwoblèm si yo pa gen yon fondasyon solid byen bonè nan aprantisaj lekti. Se sa nou wè malerezman nan plizyè fason. Yon elèv klas twazyèm Ane ki pa ka travay byen nan klas la ta ka absan youn oswa plizyè fwa nan yon mwa, sa se yon siy ki anonse pwoblèm nan byen bonè. Estatistik yo montre elèv lekòl primè ki regilyèman manke lekòl gen sèlman yon chans sou senk pou li janm diplome nan lekòl segondè. Ti gason gen plis devann pase ti fi yo pou yo kite lekòl anvan lè; epi ti gason Afriken Ameriken gen pi gran risk toujou pase lòt yo.

Nou gen pouvwa pou nou chanje sa. Pwogram senk lane "**Acceleration Agenda**" mete konsantrasyon sou redui lakin ak ofri opòtinite pou reyisit ki poko ka reyalize lakay twòp elèv, twòp lekòl ak twòp kominote.

Misyon nou senp: Tout lekòl nou yo dwe ofri menm opòtinite menmjan ak sa pi bon lekòl yo ap bay deja. Yon lekòl tankou "Orchard Gardens K-8", ki kategorize "Turnaround School" epi "Pilot School" gen fleksibilite pou pran pwofesè ki ka bay pi bon ranman nan chak klas, konsa genyen katrètan anplis travay chak jou pou elèv sizyèm Ane yo konpare ak lekòl tradisyonèl BPS yo. Sa egal ak sis mwa enstriksyon anplis pou chak elèv pa ane. Tout lekòl nou yo ta dwe kapab lonje jounen lekòl la epi tout pwofesè ta dwe gen plis tan pou planifye epi prepare leson yo. Sepoutèsa nou ap travay nan negosyasyon pou yon kontra travay pi solid ak pwofesè yo, toujis pou nou ka amelyore fason pou nou apiye pwofesè ansanm ak direktè lekòl nou yo.

Avèk nouvo estrateji pou ansèyman syans, matematik, teknoloji, lekti, bonjan kalite pwofesè ak leson patikilye, BPS ap prepare tout elèv nou yo pou ale nan kolèj epi jwenn siksè nan karyè yo. Elèv nou yo ak anplwaye nou yo merite sa ki pi bon an. Nou fyè dèske nou genyen kèk pami pwofesè nou yo ki resevwa pi gwo salè ak plis api nan Massachusetts ak tout nasyon an; nou fyè tou pou pwogrè nou fè ak elèv k ap aprann lang angle yo epi nou gen pi bon ekip nan edikasyon espesyal nan peyi a; epitou nou fyè paske nou fè plis pou akeyi elèv ak paran nou yo. Nou vle pou yo chita bò tab la kote desizyon ap pran nan lekòl la. Se pou rezon sa yo ak lòt ankò BPS fenk sot chwazi kòm distri lekòl ki amelyore pi plis nan lemond.

Paran nou yo toujou devan nan efò k ap fèt pou amelyore lekòl Boston yo. Nou espere kontinye travay ansanm ak ou nan moman n ap kòmanse yon lòt bèl ane nan edikasyon timoun nan lavil la.

An tout senserite,

Carol R. Johnson
Sipèrentandan

Telefòn ijans "Back-to-School Hotline": (617) 635-9046

Siyen pou resevwa ti jounal "BPS This Week" nan bostonpublicschools.org/newsletters, epi suiv nou nan "Facebook" ak "Twitter"

@BostonSchools